

Règleman sou Asistans Finansye BMC: Rezime an langaj senp

Boston Medical Center, bay tout pasyan swen medikal ki nesesè, kèleswa ras, koulè, reliyon, sèks, orijin nasional, laj, andikap, idantite oswa ekspresyon sèks, oswa kapasite pou peye. BMC ofri asistans finansye pou pasyan ki gen revni ki fèb, ki pa gen asirans oswa ki gen yon asirans ki fèb, ki nan nesesite ak enkapasite pou peye pou swen. BMC pral travay ak pasyan yo pou detèmine si yo kalifye pou asistans finansye epi ede yo aplike pou pwoteksyon nan pwogram Medicaid oswa lòt pwogram Eta a, plan sante ki kalifye nan nivo federal, oswa Pwogram Swen Charite (Charity Care Program) lopital la. Pasyan ki elijib pou Pwogram Swen Charite (Charity Care Program) a pap peye plis kantite lajan pase sa yo faktire pou moun ki gen asirans pou sèvis ijans oswa lòt swen medikal ki nesesè.

Enfòmasyon sou Règleman Asistans Finansye lopital la ak fason pou aplike pou asistans finansye yo disponib pou tout pasyan yo an Anglè, Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè ak Vyetnamyen. Gen entèprèt ki disponib pou ede pasyan yo ak aplikasyon yo nan lòt lang pa mwayen sèvis entèprèt MassHealth la nan 1-800-841-2900, oswa lè yo rele Patient Financial Counselling nan 617-414-5155 oswa vizite biwo yo nan Shapiro Center oswa Yawkey Center. Règleman sou Asistans Finansye BMC a disponib gratis sou demann ak sou Entènèt pou telechaje nan <https://www.bmc.org/services/patient-financial-assistance-program>.

Kiyès ki elijib?

Pasyan ki gen revni ki fèb, ki pa gen asirans ak sa ki gen yon asirans ki pi fèb ki bezwen swen medikal ki nesesè epi ki pa kapab peye pou sèvis yo ka aplike pou pwogram asistans finansye. Elijiblite pwogram nan baze sou direktiv ki gen ladan I revni yon moun nan kay la, gwo sèvis fanmi an, bezwen medikal ak Eta I ap viv la. Fason yon pasyan kalifye pou asistans finansye ap detèmine ki kalite pwogram li elijib pou li. Gen kèk pasyan ki pral kalifye pou pwogram ki pa egzije peman pou sèvis yo, alòske gen lòt pasyan ki kalifye ki oblige fè yon peman pasyèl pou swen. Dapre Charity Care Program, pasyan ki gen yon revni ki egal oswa ki pi ba pase 150% nan Gid Povrete Federal yo, (FPG), kalifye pou swen gratis ak yon rediksyon 100% total chaj yo, epitou pasyan ki gen revni ant 150% ak 300% FPG yo kalifye pou yon rediksyon 90% nan chaj yo. Rezidan Massachusetts yo ka aplike tou pou asistans dapre Medical Hardship, yon pwogram ki disponib atravè Health Safety Net Eta a. Kèleswa kantite moun nan kay la ak revni yo, yon moun ka kalifye pou Medical Hardship si depans medikal akseptab yo a pi gran pase yon pouvantaj etabli nan revni kay la. Pasyan yo deklare ki pa elijib pou pwoteksyon dapre pwogram asistans finansye Eta s oswa federal yo pral evalye pou kalifikasyon anba Charity Care Program lopital la.

Kijan pou Aplike:

Enfòmasyon sou Règleman Asistans Finansye BMC a, Charity Care Program ak aplikasyon an disponib jan sa a:

- Kontakte Patient Financial Counseling nan (617) 414-5155 oswa vizite yon biwo, lendi jiska vandredi, ant 8 AM ak 5 PM, nan:
 - Shapiro Center, 725 Albany Street, Suite 3C, Boston, MA. 02118; oswa
 - Yawkey Center, 850 Harrison Avenue, (Ground Floor), Boston, MA. 02118
- Vizite sit entènèt Lopital la nan <https://www.bmc.org/services/patient-financial-assistance-program>
- Fè yon demann alekri pou enfòmasyon sou pwogram nan ak enstriksyon pou aplikasyon yo pa lapòs nan:
Sant Medikal nan Boston (Boston Medical Center)
Atansyon: Konsèy Finansye Pasyan (Patient Financial Counseling)
725 Albany Street, Suite 3C
Boston, MA 02118